

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas penting dina kahirupan manusa, utamana pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngedalkeun eusi haté jeung pikiran sangkan maksud caritaanana bisa dipikaharti ku pamiarsana. (Prayitno, 2014) nétélakeun yén pungsi basa di masarakat aya tilu, nyaéta alat nu dipaké pikeun komunikasi jeung papada manusa, alat pikeun digawé jeung papada manusa, sarta pikeun ngaidéntifikasi diri.

Salaku panyatur basa dina komunikasi, manusa ngahasilkeun ragam basa anu réa. Éra globalisasi ayeuna jadi salasihiji paktor nu mangaruhan dina munculna ragam basa. Ku mekarna téhnologi, interaksi sapopoé di antara anggota masarakat leuwih ngajembaran. Antukna, ayeuna masarakat bisa ngahasilkeun mangrupa-rupa hal nu anyar di luar kabiasaanana. Di sagigireun ti éta, kamekaran jaman ayeuna lain ngan saukur méré pangaruh positip wungkul, tapi ogé ngahasilkeun sababaraha dampak negatip pikeun masarakat, contona waé ngeunaan basa.

Tina sisi positipna, masarakat bisa leuwih nambahan pangaweruh ngeunaan basa nu lumaku di alam dunya, tapi di sisi negatipna basa nu digunakeun ku panyatur kiwari téh loba ngalaman parobahan sarta teu luyu jeung kaédah basa, upamana waé ngahasilkeun ma'na nu ambigu, nambahan foném dina unggal kekecapanana, jeung nyieun singgetan-singgetan. Ieu hal saluyu jeung nu ditetélakeun ku (Chaer, A jeung Leonie, 2010, kc. 62) yén réana pungsi basa jeung interaksi sosial nu dilakukeun ku manusa téh jadi salasihiji alesan munculna ragam basa.

Paktor masarakat nu hétérogén bakal ngahasilkeun ragam basa, balukar tina bébédaan kasang tukang makéna basa ti unggal panyaturna. Salian ti éta, paktor situasional jeung sosial ogé jadi salasihiji hal nu milu nangtukeun dina komunikasi. Paktor situasi mangaruhan panyatur dina milih kekecapan nalika ngomong, ari paktor sosial ngawengku umur, wanda baga, kasang tukang ékonomi, jeung padumukan (Suhendar, 2016).

Ayana ragam basa jadi salasihiji bukti yén basa téh sipatna dinamis. Dina hirup kumbuhna, panyatur basa Sunda teu salawasna ngagunakeun kaédah basa nu bener tur merenah dina nepikeun tujuan omonganana. Utamana dina basa lisan, réa panyatur nu sok teu sadar nyieun kasalahan dina ngagunakeun basa. Hal-hal seperti kitu balukar tina mekarna kahirupan masarakat nu maké éta basa, boh éta tina pakasaban, kamasarakatan, élmu pangaweruh, pakakas, undagi, téhnologi, basa, seni, jeung agama (Koentjaraningrat dina Sudaryat, 2004, kc. 24). Kitu deui dina nempatkeun basa, ku sabab kurangna pangaweruh ngeunaan basa Sunda nu bener kaidahna tur merenah kontéks kalimahna sarta kabiasaan ngagunakeun basa nu teu luyu jeung aturan, ngabalukarkeun panyatur teu bisa nempatkeun basa dina situasi nu formal. Kaayaan saperti kitu bisa katitén dina komunikasi sapopoé atawa dina gelar wicara nu dipidangkeun dina acara TV.

Pikeun ngulik masalah di luhur, dina ieu panalungtikan dipilih tiori Chaer (2010, kc. 62) nu medar ngeunaan ragam basa, nyaéta varian dina ngagunakeun basa. Ragam basa bisa kawangun lantaran paktor géografis, nu ngahasilkeun dialék wewengkon masing-masing panyatur, sarta ragam basa dumasar kana tingkat sosial atawa sosiolék. Ragam basa bisa ditilik tina segi panyatur, pungsi makéna basa, segi kaformalan, jeung segi sarana.

Dumasar kana segi panyatur, ragam basa bisa dipangaruhan ku kasang tukang panyatur, upamana waé saha nu ngagunakeun basa (*idiolék*), tempat asal/padumukan panyatur (*dialék*) sarta luhur atawa handapna status sosial panyatur (*sosiolék*) nu antukna bakal mangaruhan kana basa nu dipilih dina nepikeun maksud omonganana (Chaer, A jeung Leonie, 2010, kc. 62). Upamana waé, ragam basa nu ditepikeun ku panyatur nu ngalaman atikan formal bakal béda jeung panyatur nu teu nyakola, atawa basa nu digunakeun ku panyatur basa Sunda ti daérah Ciamis bakal béda jeung panyatur basa Sunda nu asalna ti Cirebon.

Nurutkeun pungsi makéna basa, ragam basa dibédakeun dumasar kana jejer omongan atawa pakasaban panyaturna. Upamana waé, basa nu dipaké ku sastrawan dina nulis karya sastra bakal béda jeung panyatur nu sapopoéna ancub dina widang kamiliteran. Basa nu dipaké ku guru, ustad, supir, atawa tukang dagang pasti boga ragam basa nu teu sarua (Chaer, A jeung Leonie, 2010, kc. 68). Bébédan ragam basa, balukar tina lingkungan sapopoé nu makéna basa. Kekecapan nu dipaké téh

bisa jadi ngan dipikaharti ku lingkungan nu tangtu sarta di tempat jeung sarana nu tangtu wungkul.

Tina jihat segi kaformalan atawa sikep panyatur, Chaer (2010, kc. 70) ngabédakeun raga basa jadi ragam beku (*frozen*), ragam resmi (*formal*), ragam usaha (*konsultatif*), ragam santai (*casual*) jeung ragam akrab (*intim*). Nurutkeun Sudaryat (2013, kc. 4) sikep panyatur raket patalina jeung kakawasan, kalungguhan, sarta undak usuk basa atawa tatakrama basa. Tatakrama basa ieu sok dijadikeun indikator sopan atawa henteuna panyatur dina makéna basa. Ku kituna, ragam basa tina segi kaformalan dibédakeun jadi sikep panyatur dina ngagunakeun basa hormat jeung teu hormat.

Tina jihat tempat lumangsungna ngagunakeun basa atawa sarana, ragam basa dibédakeun jadi basa lisan jeung basa tulisan (Chaer, A jeung Leonie, 2010, kc. 74). Lian ti diucapkeun sacara lisan, ragam basa lisan dibantuan ku unsur-unsur supraségmental nu ngawengku rengkak, pasemon, jeung intonasi. Ari dina ragam basa tulis mah unsur supraségmental éta téh diganti ku simbol jeung tanda baca (Aslinda, jeung Leni, 2014, kc. 21).

Pikeun maluruh ngeunaan ragam basa ieu téh dicokot salasihiji objék omongan anu aya dina hiji acara televisi nyaéta *Sampurasun Balaréa* nu dipidangkeun dina chanel AKTV 43 UHF Cimahi.

Gambar 1.1  
*Bubuka Acara Sampurasun Balaréa AKTV*



Acara nu midang unggal poé Kemis jam 19.00-21.00 WIB ieu téh mangrupa acara gelar wicara anu diluluguan ku Dora Dori dina ngaguar ngeunaan masalah-masalah anu aya di Jawa Barat, di antarana waé, ngeunaan basa, budaya, kasenian, jeung layanan masarakat. Narasumber nu diundang kana éta acara ogé teu ngan

saukur inohong-inohong Sunda wungkul, tapi aya ogé nu di saluareun urang Sunda. Antukna, bébédaan kasang tukang panyatur jiga kitu téh bisa mangaruhan kana basa Sunda nu digunakeun, ku cara nyutat dialék basa Sunda séjén, nyieun cutatan tina basa Indonésia, basa asing, atawa nu séjénna.

Ieu panalungtikan ngadéskripsikeun ngeunaan ragam basa anu bakal bisa ngamekarkeun paélmuhan sosiolinguistik, nyaéta élmu nu maluruh ngeunaan basa nu dipatalikeun kana kaayaan masarakat nu ngagunakeun éta basa (Sumarsono, 2017, kc. 1). Lebah dieu, sosiolinguistik dipaké pikeun ngadéskripsikeun wanda ragam basa panyatur, kumaha tatakrama basa nu digunakeun ku panyatur salila acara, sarta pungsi omongan nu dipatalikeun kana ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa dina acara *Sampurasun Balaréa* AKTV.

Saenyana panalungtikan ngeunaan ragam basa téh lain hal nu anyar, saméméhna kungsi aya panalungtikan nu medar ngeunaan ragam basa di antarana waé aya “Ragam Basa Sunda Ciak di Kacamatan Cibiuk Kabupatén Garut” (Nurkomalasari, 2017) nu medar ngeunaan kandaga, wangun kecap, sarta pola parobahan ragam basa Ciak nu aya di masarakat Kacamatan Cibiuk Kabupatén Garut. Aya ogé panalungtikan “Ragam Basa Sunda dina Akun Resmi Line Babandingan” (Rhamdan, 2017) anu ngagunakeun objék tinulis sarta ngajelaskeun ngeunaan wanda ragam basa jeung campur kode.

Bédana jeung panalungtikan saméméhna, dina ieu panalungtikan bakal diulik ngeunaan wanda ragam basa panyatur, tatakrama basa (sipat kaformalan) panyatur sarta pungsi ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa dina objék lisan nyaéta acara *Sampurasun Balaréa* AKTV. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Ragam Basa dina Acara *Sampurasun Balaréa* di AKTV (Ulikan Sosiolinguistik)” dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ku sabab lingkup ragam basa téh jembar sarta kawatesanan ku waktu. Dina ieu panalungtikan masalah nu bakal diguar ngawengku wanda ragam basa panyatur dumasar kana sosial panyaturna (*sosiolék*), ragam basa dumasar kana sipat/segi kaformalan (basa hormat jeung teu hormat), sarta pungsi omongan nu dipatalikeun kana ragam basa antara panyatur jeung

pamiarsana nu ngawengku pungsi asértif, impositif, komisif, jeung éksprésif. Ku kituna, éta masalah bakal dipertélakeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha wanda ragam basa panyatur nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV*?
- 2) Kumaha ragam basa dumasar kana sipat kaformalan nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV*?
- 3) Kumaha pungsi omongan dina ragam basa nu dilakukeun ku panyatur jeung pamiarsa dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua aspék nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kumaha ragam basa nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa* di AKTV.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- 1) wanda ragam basa panyatur nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV* dumasar kana sosial panyaturna (*sosiolék*);
- 2) sipat kaformalan ragam basa nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV* dumasar kana basa hormat, teu hormat, jeung campuran; sarta
- 3) pungsi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa dina acara *Sampurasun Balaréa AKTV* dumasar kana pungsi asértif, impositif, komisif, jeung éksprésif.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kamekaran paélmuhan sosiolinguistik minangka élmu anu maluruh ngeunaan basa katut kaayaan

masarakat nu makéna. Sajaba ti éta, hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun gambaran ka nu rék ngulik ragam basa satuluyna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana waé

- 1) pikeun panalungtik, bisa mekarkeun pangaweruh kana ragam basa sarta méré informasi ngeunaan kamekaran jeung kadinamisan basa Sunda kiwari;
- 2) pikeun masarakat, bisa dijadikeun bahan référénsi panalungtikan ragam basa satuluyna sarta nambahan pangaweruh ngeunaan kandaga kecap basa Sunda.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Hal anu dibahas dina Bab I Bubuka, mangrupa bagian munggaran atawa bubuka dina ieu panalungtikan, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina Bab II Ulikan Téori Ragam Basa, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir. Tiori ragam basa, eusina ngawengku wangenan ragam basa, wanda ragam basa, sarta téori pungsi omongan dina ragam basa. Ari panalungtikan saméméhna, ngaguar ngeunaan bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu kungsi dilakukeun saméméhna ku panalungtik séjén nu sarua ngaguar ngeunaan ragam basa. Lian ti éta digambarkeun ogé peta konsép ngeunaan ieu panalungtikan dina bagan raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téknik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan ragam basa dina acara *Sampurasun Balaréa* di AKTV dumasar kana wanda ragam basa sosiolék panyatur, sipat kaformalan ragam basa dumasar kana tatakrama basa Sunda hormat jeung teu hormat, sarta pungsi omongan nu dipatalikeun kana ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa dina acara *Sampurasun Balaréa*.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékomendasi, mangrupa bab pamungkas anu eusina ngeunaan kacindekan jeung saran tina sakabéh hasil panalungtikan minangka panutup dina ieu panalungtikan. Lian ti éta, aya ogé implikasi jeung ré komendasi nu ditepikeun pikeun nu maca atawa panalungtik ragam basa satuluyna.